

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana bab IV ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran, hasil tina ieu panalungtikan dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh aprésiasi carita pondok siswa kelas VIII-A SMP Negeri 35 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle* kagolong kana katégori “sedeng”, rata-ratana nyaéta 60. Tina 32 siswa, ngan 2 siswa atawa 6,25% anu kagolong kana katégori “hadé”, 22 atawa 68,75% siswa anu kagolong kana katégori “sedeng” sésana 8 atawa 25% siswa anu kagolong kana katégori “kurang”. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 80 jeung panghandapna 40. Ieu hal katiten tina aspék-aspék apresiasi carita pondok anu ngawengku téma carita, fakta carita, sarana carita, jeung eusi carita. Dina téma carita miboga rata-rata 0,93, dina fakta carita miboga rata-rata 7,08, dina sarana carita miboga rata-rata 2,68, jeung dina eusi carita miboga rata-rata 1,40.
- 2) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII-A SMP Negeri 35 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média *Word Search Puzzle* kagolong “hadé”, rata-ratana nyaéta 80,16. katitén tina 32 urang siswa, aya 22 urang siswa atawa 68,75% anu kagolong kana katégori “hadé”, sésana 10 siswa atawa 31,25% anu kagolong kana katégori “sedeng”. Anapon nilai pangluhurna nyaéta 95 jeung panghandapna 65. Ieu hal katiten tina aspék-aspék aprésiasi carita pondok anu ngawengku téma carita, fakta carita, sarana carita, jeung aspék basa. Dina téma carita miboga rata-rata 1, dina fakta carita miboga rata-rata 8,61, dina sarana carita miboga rata-rata 3,89, jeung dina eusi carita miboga rata-rata 2,68.

- 3) Aya bédana antara kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Word Search Puzzle*. Uji sipat data anu dilaksanakeun nyaéta uji normalitas, data kamampuh aprésiasi carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun media *Word Search Puzzle* ngagunakeun uji normalitas Shapiro-Wilk, hasilnanyaéta dina pretest  $\text{sig.}=0,88 > 0,05$  jeung dina postest  $\text{sig.}=0,82 > 0,05$ . Bisa dicindekkeun yén distribusi data kamampuh aprésiasi carita pondok siswa ngagunakeun média *Word Search Puzzle* kagolong kana distribusi normal.. Kitu deui dina uji hipotesis, nilai  $\text{sig.}$  (2-tailed) nyaéta  $0,000 < 0,05$ , hartina  $H_0$  ditolak atawa  $H_1$  ditarima. Ku kituna bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh aprésiasi carita pondok siswa saméméh jeung sanggeus dilarapkeun média *Word Search Puzzle*.

## 5.2 Implikasi

Dina ieu panalungtikan, média *Word Search Puzzle*. Digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh aprésiasi carita pondok, Ieu média pangajaran téh bisa ngirut sarta teu nyieun bosen siswa nalika diajar aprésiasi carita pondok. Ku ayana média pangajaran *Word Search Puzzle* siswa bisa leuwih jeung maham kana téma carita, fakta carita, sarana carita jeung eusi carita nu aya dina carita pondok. Ku kituna média *Word Search Puzzle* bisa ngalatih kamampuh aprésiasi carita pondok siswa.

## 5.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sawatara rékomendasi saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun guru ieu média *Word Search Puzzle* cocog jad alternatif dina pangajaran aprésiasi carita pondok. Kusabab média *Word Search Puzzle* bisa ngaronjatkeun kamampuh aprésiasi sastra.
- 2) Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan média *Word Search Puzzle* dina pangajaran séjenna.

- 3) Dipiharep leuwih loba panalungtikan ngeunaan média anu bisa mantuan guru ogé siswa dina kagiatan pangajaran.